



Pou Piblikasyon Imedya: 25/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE MONIMAN ISTORIK ETA NEW YORK YO PRAL LIMEN AVÈK LIMYÈ ANNÒ AN REKONESANS AK FÈT MANMAN AK FANMI ETWAL ANNÒ A

Ekleraj la onore fanmi militè Ameriken yo ki te sakrifye lavi yo nan egzèsis fonksyon yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 14 moniman atravè New York ap limen annò nan dat 25 septanm nan pou onore Fèt Manman ak Fanmi Etwal Annò (Gold Star Mother's and Family's Day) a.

"Nan Fèt Manman ak Fanmi Etwal Annò a, n ap sonje, kòm yon nasyon, ke libète nou jwi chak jou pa vini san sakrifis", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Eta New York p ap janm bliye sakrifis ewo ak patriyòt nou yo ki te mouri nan egzèsis fonksyon yo, epi n ap kontinye bay pi wo nivo sipò ak sèvis pou Manman ak Fanmi Etwal Annò nou yo".

Chak ane, yo rekonèt dènye dimanch nan mwa septanm nan kòm Fèt Manman ak Fanmi Etwal Annò a. Fanmi Etwal Annò yo se sila yo ki te pèdi yon pwòch ki te sèvi pandan yon moman konfli. Ekspresyon "Etwal Annò" (Gold Star) a te itilize pandan Premye Gè Mondyal la epi li te fè referans ak yon Etwal Annò ki te poze sou Etwal Ble Drapo Sèvis Etazini an.

Kapital Eta yo atravè peyi a rekonèt Manman ak Fanmi Etwal Annò yo nan jounnen komemorasyon sa lè yo limen limyè oswa bilding yo annò pou onore sakrifis sa yo.

Eta New York gen plizyè pwogram pou Paran Etwal Annò yo pou asire yo bay sèvis ak asistans kontinyèl pou moun ki te ofri tèlman anpil. Kèk nan sa yo gen ladan pwogram Rant Parantal Etwal Annò yo, ak Boustetid Ankourajman ak Omaj pou Rekonesans Militè Ranfòse (Military Enhanced Recognition Incentive and Tribute) New York - oswa MERIT - pou fanmi militè ki te pèdi lavi yo pandan y ap sèvi peyi a. Anplis de sa, Eta a kontinye fè patenarya ak òganizasyon Etwal Annò yo atravè Eta a, ansanm ak Òganizasyon Sèvis Veteran Konte lokal yo pou ogmante sansibilizasyon sou pwogram pou ede Fanmi Etwal Annò yo.

Moniman ki pral limen yo genyen:

- One World Trade Center

- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Empire State Plaza
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Chit Nyagara (Niagara Falls)
- Pon Franklin D. Roosevelt nan Mid-Hudson
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)
- Konplèks Olenpik pou Sote Lak Placid (Lake Placid Olympic Jumping Complex)
- MTA LIRR - East End Gateway nan Penn Station
- Pon Flotan nan Fairport (Fairport Lift Bridge) sou Kanal Erie a.

Viviana DeCohen, Direktè Divizyon Sèvis Veteran Eta New York la, te deklare, "Manman ak Fanmi Etwal Annò yo konprann siyifikasyon sèvis devan pwòp tèt yo epi enkòpore filozofi sa a chak jou nan travay kontinyèl yo pou onore eritaj pwòch yo ki te fè sakrifis final la pou Eta ak Nasyon nou an. Se devwa solanèl nou ak onè pou nou asire yo resevwa pi bon kalite sipò ak swen ke nou fè efò chak jou pou nou kontinye ba yo".

Sipò pou Fanmi Etwal Annò yo

Pou ede moun gen aksè nan Rant Parantal Etwal Annò a ak Bousdetid MERIT la, tanpri pran yon randevou ak Konseye pou Benefis Ansyen Konbatan yo ak Sèvis Divizyon pou Ansyen Konbatan Eta New York la nan 888-838-7697 oswa sou [sitwèb yo a](#).

###